



# REFLEKSYON

EDISYON ASANBLE 2024

## Mache nan Imilite ak Bondye, Ansanm

SELEBRASYON SÈVIS ADORASYON

Prèske 350 moun te rasanble pou Asanble Konferans Menonit nan dat 2 novanm 2024. Asanble anyèl la te ouvri ak adorasyon, ki te enkli chante enèjik sou direksyon yon ekip adorasyon ki soti nan sèt kongregasyon Mosaic yo.


Konferansye prensipal Rev. Dr. Dennis Edwards te preche sou rekiper imilite kòm yon siy idantite kretyen, ke li defini kòm “yon estil lavi ki anrasinen nan soumisyon a Bondye epi demontre nan aksyon ki soutni mityalite olye de konpetisyon.”

Moman adorasyon an te enkli yon priyè nan twa lang pou disènman Mosaic otou lye ak MC USA, epi pou disènman pou fiti eleksyon Etazini yo, ak yon priyè pou plizyè milye anplwaye, benevòl, ak moun ki afekte anndan Ministè Mosaic ki lye ak Konferans (Conference-Related Ministries, CRMs).

Jounen a te enkli de sesyon delege, anpil opòtinite pou amitye, ak pataj manje. Yon salon ekspozisyon te disponib tou, ki mete an vedèt reprezantan ak ajans CRM.

*“Imilite se yon trajektwa. Li kòmanse kòm soumisyon a Bondye, epi li deplase tankou yon pwojektil ki enfliyanse lòt moun.”*

- REV. DR. DENNIS EDWARDS,  
KONFERANSYE PRENSIPAL  
ASANBLE A



Tèks santral la pou tem Asanble a, Mache nan Imilite ak Bondye, Micah 6:8; te li nan uit lang adorasyon konferans lan: kantonè, kreyòl, anglè, endonezyen, Karen, ris, espayòl, ak vyetnanyem.



Konferansye prensipal Rev. Dr. Dennis Edwards te preche sou rekiper imilite kòm yon siy idantite kretyen.



Gwoup dans lajènès la nan Whitehall (PA) Mennonite te onore Wa Enb lan.



Chante enèjik sou direksyon yon ekip adorasyon ki soti nan sèt kongregasyon Mosaic.



Trèz nouvo lidè Mosaic (resamman akredite oubyen nan transfè akreditasyon) te konsakre epi yo te ofri konsekrasyon pou tout moun ki te swete resevwa li.



📷 Akèy ak priyè pou twa nouvo manm kongregasyon Mosaic epi yon Ministè ki lyè ak Konferans (CRM).

*“Tan nou pase ap bat tanbou se nou menm ki Mosaic. Lè nou bat tanbou, n ap amize nou ansanm, tranpe nan ekriti, tande youn ak lòt epi rit diferan nou yo, epi fè yon bèl mizik pou Bondye.”*

- ANGELA MOYER WALTER,  
MODERATRIS KONFERANS MOSAIC



## SESYON REPREZANTAN NAN MATEN

Aprè adorasyon te vini gen sesyon maten an, kote 170 reprezantan te angaje nan yon tab konvansyon, te angaje nan konstwi relasyon, epi reflechi sou kisa nan adorasyon an ki ta pral enfòmè travay yo pou jounen an. Yo te pataje kominyon nan gwoup tab yo, epi twa nouvo kongregasyon manm Mosaic yo ak yon nouvo CRM te akeyi: Ark of Christ (Lach Kris) (Westmister, CA), Bethel Worship and Teaching Center (Adorasyon ak Sant Edikasyon Bethel) (Levittown, PA), Resplandece Mennonite (Pembrok Pines, FL and Barranquilla, Colombia) ak The Worm Project (Pwojè Vè a) (Lansdale, PA)

## LÒT PWEN FÒ NAN WIKENN ASANBLE A

Pi lwen pase evenman prensipal la, wikenn lan te enkli dejene nan kanpis DOCK nan CRM Living Branches (Branch Vivan CRM) (Lansdale, PA) ak Rev. DR. Dennis Edwards pou CRM ak lidè BIPOC, rasanbleman anyèl la pou Nasyon ak Jenerasyon pou lidè BIPOC nan CRM Mennonite Heritage Center (Sant Eritaj Menonit CRM) (Harleysville, PA), epi echanj platfòm Dimanch ak vizit pa lidè Mosaic yo.

### DEJENE LIDÈCHIP NAN LIVING BRANCHES (BRANCH VIVAN)



### RENOUVE NASYON AK JENERASYON NAN SANT ERITAJ MENONIT



## SESYON DELEGE NAN APREMIDI

Nan sesyon delege nan apremidi, Minis Ekzekitif Adjwen Konferans Mosaic la Marta Castillo ak Minis Lidèchip pou Transfòmasyon Entèkiltirèl Danilo Sanchez te pataje konsènan Plan Estratejik Mosaic pou 2025-2027, ki te premye rezilta yon pwosesis planifikasyon estratejik pandan de ane ki te dirije pa Ekip pou Gide Chemen Mosaic la, ak Pwogram Vibran Mosaic la. Delege yo te ofri angajman vèbal ak alekri ak plan an nan gwoup tab yo.

Après yo te mande delege yo pou yo vote sou eskriten, ki te li: “Pou afime, ak rekonesans, travay ak rekòmmandasyon Ekip pou Gide Chemen an pou etabli yon patenarya solid ak Mennonite Church USA (Legliz Menonit Etazini), epi pou pote modifikasyon nan lwa entèn pou disenman delege nan Asanble Konferans Mosaic nan 2025.” Vòt la te pase ak 71% afimasyon, sa ki vle di ke lidèchip Konferans Mosaic pral travay pou defini yon relasyon patenarya ak MC USA.

## REFLEKSYON se bilten chak twa ane pou Konferans Menonit Mosaic la.

📍 1000 Forty Foot Rd, Ste. 100, Lansdale, PA 19446

☎ 267-932-6050 ✉ office@mosaicmennonites.org